



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 11 novanm 2014

### **Gouvènè Cuomo Envite Nouyòkè yo pou yo Vizite Park Eta Ak Sit Istorik yo nan Lonè Jou Veteran**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te envite Nouyòkè ak vizitè yo pou selebre jou veteran nan anpil sit istorik New York kote veteran yo te ede fòme eta ak istwa nasyonal la. Inisyativ Chemen atravè Istwa Gouvènè a, ki montre sit kiltirèl enpòtan ak istorik yo ak aktivite nan tout eta New York pèmèt touris yo aprann epi vizite sit chan batay istorik ak mize yo onore kontribisyon veteran peyi nou an te fè.

“Se yon privilèj pou genyen anpil sit istorik nan New York. Mwen ankouraje rezidan ansanm avèk vizitè yo pou onore sèvis la, kouraj ak sakrifis veteran yo nan peyi nou an te fè lè n vizite youn nan anpil sit eritaj eta pandan jou veteran,” Gouvènè Cuomo te deklare.

“Anpil nan sit istorik eta nou an ansanm avèk lòt ke nou jwenn nan chemen atravè istwa onore ak prezève istwa veteran yo ki sèvi peyi nou an avèk distenksyon, te deklare,” Komisyonè Park Eta Rose Harvey. “Aprann osijè akonplisman ak sakrifis fi ak gason sa yo nan istwa nou se yon fason ekselan pou selebre jou veteran yo.”

Sit ki annaprè yo pral ouvè a piblik la pou komemore jou veteran, sa ki pral fèt nan madi, 11 novanm:

#### **[Chan Batay Bennington](#), Konte Rensselaer**

Vizite anplasman yon batay lagè revolisyon nan mwa out 1777 ki te esansyèl pou viktwa ameriken pi ta nan batay Saratoga yo. Sit la ap ouvè nan jou veteran apati 10 a.m. a 6 p.m.

#### **[Kay Herkimer](#), Konte Herkimer**

Vizite kay Jeneral Ewo lagè revolisyon an Nicholas Herkimer. Byenke li te gravman blese nan janm, Herkimer te kenbe kòmand pandan konba fewòs nan batay Oriskany. Li vin mouri annaprè akòz de blesi l e yo te konsidere l touswit apre tankou yon mati nan koz pou libète Ameriken e kay li te vini yon pèlerinaj. Sit kay la ouvè depi nan devanjou jiskaske solèy kouche.

#### **[National Purple Heart Hall of Honor](#), Konte Orange**

National Purple Heart Hall of Honor nan vale rivyè Hudson New York onore fi ak gason yo ki te resevwa Purple Heart la. Hall of Honor pral òganize yon kout seremoni epi depoze flè nan komemorasyon jou veteran, sa ki pral fèt deyò si tanperati a pèmèt li, bò kote poto drapo yo nan sal onè a apati 2 p.m.

A 2:30 p.m. pral genyen yon omaj kout pou komemore 50<sup>yèm</sup> anivèsè kòmansman ofisyèl lagè Vietnam. Plas yo limite pou pati pwogram gratis sa e yo fòtman rekòmande rezèvasyon. Pou fè yon rezèvasyon, rele 845-561-1765.

### **Old Fort Niagara, Konte Niagara**

Komemore santènè premye lagè mondyal nan aprann osijè wòl Fò Niagara nan konfli a. Pwogram lan ap kòmanse a 2:00 pm nan jou veteran nan klif ofisye Fort Niagara e apres a li prale nan park eta Fort Niagara pou yon vizit a pye nan baz lame premye gè mondyal. Rankontre yon Enfantri ameriken nan epòk la epi aprann osijè difikilte Etazini te rankontre lè nou te rantre nan lagè nan ane 1917. Rantre gratis.

### **Nouvo Kantonman Windsor, Konte Orange**

Sit istorik Nouvo Kantonman Park Eta pral patisipe nan yon pwogram koperativ jou veteran andeyò sit la avèk asosyasyon Temple Hill pou transmèt evènman ki te mennen nan yon lit ant ofisye siperyè yo nan lame kontinantal nan lagè revolisyonè. Pwogram lan pral fèt dimanch, 9 novanm apati 1 p.m. jiska 4 p.m. nan kay Edmonston, ki lokalize nan 1042 Route 94 nan Nouvo Windsor. Rantre gratis. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele (845) 561-1765 ekstansyon. 22.

### **Chan Batay Sackets Harbor, Konte Jefferson**

Vizite chan batay Sackets Harbor, yon sant naval ameriken ak aktivite militè nan lagè 1812. Sit la ap ouvè depi nan devanjou jiskaske solèy kouche.

### **Chan Batay Stony Point, Konte Rockland**

Vizite chan batay Stony Point, sit yon batay revolisyonè desizif kote fòs ameriken yo te sezi kontwòl rivyè Hudson nan men Britanik yo. Sit la ap ouvè apati 9 a.m. jiska 5 p.m.

Anplis de lis ki anwo a, mize tankou mize militè Eta New York, fò ak chan batay tankou Fort Stanwix, ak Akademi Militè Etazini nan West Point pèmèt manm piblik la vizite ak komemore veteran yo. Ou ka jwenn enfòmasyon sou bagay sa yo ak lòt sit yo nan sit entènèt chemen atravè istwa <http://www.iloveny.com/paththroughhistory>.

Gouvènè Cuomo te kreye Chemen Atravè Istwa nan ane 2012 e li te bati sou eritaj touris ak atraksyon New York ki deja solid. Inisyativ la, ki se yon pati nan kanpay touris I LOVE NEW YORK eta, akse sou trèz tèm: Art & Kilti, Kanal & Transpòtasyon, Dwa sivil, Istwa Kolonyal, Imigrasyon, Inovasyon & Komès, Ameriken Natif Natal, Istwa Natirèl, Lagè revolisyon, Istwa espò, Prezidan Ameriken yo, Lagè 1812 ak dwa fanm yo. Yo te chwazi espas ak evènman enpòtan eritaj la toupatou nan eta a avèk remak kèk nan istoryen prensipal yo pou enkli nan Chemen Atravè Istwa.

Pou ede Nouyòkè veteran andikape yo, Gouvènè Cuomo te kreye nouvo Pass Liberty pou tout lavi, sa ki ofri machin antre gratis nan Park Eta yo ak zòn frekantasyon lajounen Depatman Konsèvasyon Anviwonman eksplwate, ansanm avèk anpil sit pou lanse bato, sit istorik, zòn yo kiltive plant ak

prezèvasyon pak; gòlf gratis nan 28 estasyon park gòlf; antre nan pisin gratis nan 36 pisin park eta, ak pri rabè pou lokasyon kabin kan ak sit kan nan tout 119 park eta ak sit kan DEC yo. Pou kalifye pou pass la, Veteran an dwe bay park eta sètifikasyon alekri ki soti nan Administrasyon Veteran Etazini oswa Divizyon Afè Veteran New York ki stipile ke aplikan an se yon Veteran avèk yon 40% oswa pi gwo sèvis ki konekte avèk andikap la. Vizite sit entènèt park eta pou jwenn plis enfòmasyon ak yon aplikasyon:

<http://nysparks.com/admission/lifetime-liberty-pass.aspx>.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York ap sipèvize 180 pak ak 35 espas istorik eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, rele 518-474-0456, oswa vizite

[www.nysparks.com](http://www.nysparks.com), konekte sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Twitter](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**

Performance \* Integrity \* Pride